



COMMONWEALTH OF MASSACHUSETTS

# Konsèy sou Plan Divèsite yo

Out 2021

Komisyon Kontwòl Kanabis Massachusetts

Steven J. Hoffman, Prezidan

Nurys Camargo, Komisyonè

Ava Callender Concepcion, Komisyonè

Kimberly Roy, Komisyonè

Bruce Stebbins, Komisyonè

Shawn Collins, Direktè Egzekitif

## Sa ki Nan Dokiman sa a

I.	Apèsi.....	3
II.	Kontèks Jiridik .....	4
III.	Objektif.....	5
IV.	Avi Enpòtan.....	6
V.	Eleman ki nan yon PD.....	7
VI.	Pi Bon Pratik ki gen Rapò ak Objektif PD yo.....	9
VII.	Plan Anbochaj Divèsite Mendèv .....	10
VIII.	Divèsite Founisè ak Vandè.....	11
IX.	Divèsite nan Konstwi EM/STM w la .....	12
X.	Estrateji, pwogram ak objektif yo .....	13
XI.	Devlope yon Plan avèk Kreyativite/"Panse yon Fason ki Orijinal" .....	15
XII.	Don yo .....	16
XIII.	Mezi ak Done pou Evalye Pwogrè PD a .....	17
	Modèl Tablo .....	18
XIV.	Mizajou ak Pwogrè sou PD Pandan Renouvèlman Lisans .....	19
XV.	Renouvèlman.....	20



## I. Apèsi

Misyon Komisyon Kontwòl Kanabis la ("Komisyon") se onore volonte elektè Massachusetts yo nan aplike ak administre yon fason ki san danje, ekitab ak efikas lwa ki pèmèt gen aksè a marigwana pou itilizasyon medikal ak granmoun nan Commonwealth. Konsèy sou Plan Divèsite ("PD" yo) dwe gide aplikan ak titilè lisans yo pou yo onore volonte elektè yo lè yo kreye yon aksè ekitab nan endistri reglemante marigwana a itilizasyon medikal ak adilt nan Commonwealth la. Sa pa fè sèlman pati Misyon Komisyon an, men manda lejislatif li.



## II. Kontèks Jiridik

Lalwa fè komisyon an egzijans pou tabli "pwosedi ak politik pou fè pwomosyon ak ankouraje patisipasyon konplè nan endistri marigwanan ki reglemante a moun nan kominote yo ki oparavan te afekte yon fason dispwopòsyonèl pa entèdiksyon ak aplikasyon marigwana epi pou fè enpak pozitif sou kominote sa yo.<sup>1</sup> Lejislatè a te egzije Komisyon an tou pou li etidye "patipasyon nan endistri marigwana ki reglemante a" epi sou baz rezilta etid sa a, "adopte objektif lisans divèsite ki bay patipasyon siyifikatif kominote yo ki afekte yon fason dispwopòsyonèl pa entèdiksyon ak ranfòsman Kanabis, ki gen ladan biznis minorite yo, biznis fanm yo, ak biznis veteran yo."<sup>2</sup> PD yo se you mekanis pou ankouraje patipasyon "konplè" ak "siyifikatif" epi bay aksè ekitab nan mache reglemante yo.

---

<sup>1</sup> GL c. 94G, § 4 (a ½) (iv).

<sup>2</sup> St. 2017, c. 55, § 77. Gade GL c. 94G, § 17 (a) (ki mande Komisyon an pou "devlope yon ajenda rechèch pou konprann tandans sosyal ak ekonomik marigwana nan Commonwealth la, pou fasone desizyon yo alavni ki ta ede nan fèmti mache ilegal la epi pou enfòme komisyon an sou enpak marigwana sou sante piblik la. Ajenda rechèch la dwe gen ladan, men pa sèlman. . . [iv] tandans yo nan zafè pwopriyete ak anplwa nan endistri marigwana nan egzamine patipasyon pa ras, sou-gwoup etnik ak sosyo-ekonomik, ki gen ladan idantifikasyon obstak pou patipasyon nan endistri a").



### III. Objektif

Objektif yon PD se fè pwomosyon ekite pami **tout** nan sa ki annapre yo:

- Moun ki gen koulè, sitou Nwa, Afriken Ameriken, Panyòl, Latinx, ak Endijèn;
- Fanm yo
- Veteran yo;
- Moun ki gen andikap yo; ak
- Moun LGBTQ+ yo.

Gid amande sa a bay aplikan ak titilè lisans Etablisman Marigwana ("EM") ak Sant Tretman Marigwana Medikal ("STM") plis klète ak pi bon pratik. Finalman, se responsablite aplikan an pou ekri ak aplike yon PD konfòm ki reyalize ak ankouraje ekite nan endistri a.

Kit antite yo nan aplikasyon lisans oswa pwosesis renouvèlman an, yo ta dwe reyalis ak konsyan de objektif PD yo, ki gen ladan estrateji, pwogram, ak delè pou reyalize yo.



#### IV. Avi Enpòtan:

Yon PD pa menm bagay ak Plan obligatwa Komisyon an pou gen yon enpak pozitif sou moun yo ki afekte yon fason dispwopòsyonèl. Aplikan EM ak STM ak titilè lisans yo dwe soumèt plan separe ak diferan an konfòmite ak kondisyon yo chak. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Plan pou gen yon enpak pozitif sou moun ki afekte yon fason ki dispwopòsyonèl, gade konsèy ki [apwopriye](#) sou sijè sa a. Konsèy sa yo pa konsèy jiridik. Nan limit aplikan yo oswa titilè lisans yo gen kesyon konsènan kondisyon legal pou lisans ak renouvèlman lisans nan Commonwealth, yo ankouraje yo pou yo konsilte yon avoka sou sijè sa a. Konsèy sa yo pa konsèy jiridik.



## V. Eleman yon PD

Dapre règleman Komisyon an, aplikan yo oblije soumèt yon PD nan premye aplikasyon yo pou lisans pwovizwa. Plan an ta dwe dekri objektif, pwogram, ak mezi ke antite a planifye pou pouswiv yon fwa li gen lisans. Li enpòtan pou aplikan yo konsantre sou plan an, kreye yon kalandriye pou asire yo ka reyalize objektif yo atravè pwogram ki endike yo, epi revize objektif ak pwogram PD yo detanzantan pandan chak ane, espesyalman anvan renouvèlman lisans lan, pou yo ka reyalize ak depase objektif sa yo.

Sa ki anba la yo se yon lis detaye eleman PD obligatwa a:

### 1. Deklarasyon Objektif

Aplikan yo ta dwe bay yon deklarasyon nan 300 mo oswa mwens, ki eksprime objektif jeneral antite a pou fè pwomosyon divèsite ak enklizyon nan endistri kanabis la.

Deklarasyon an ta dwe demontre yon konpreyansyon sou valè divèsite ak enklizyon epi li dwe alinye l sou objektif ak estrateji aplikan an gen entansyon aplike yon fwa li gen lisans.

### 2. Objektif

Aplikan yo oblije demontre yon minimòm de (2) objektif ki gen rapò ak divèsite; sepandan, yo ankouraje plis objektif. Chak objektif divèsite ta dwe mezire epi yo ta dwe adapte a divès popilasyon Komisyon an idantifye ("popilasyon divès"). Espesyalman

- Moun ki gen koulè, sitou Nwa, Afriken Ameriken, Panyòl, Latinx, ak Endijèn;
- Fanm yo
- Veteran yo;
- Moun ki gen andikap yo; ak
- Moun LGBTQ+

### 3. Estrateji/Pwogram

Aplikan an ta dwe detaye estrateji ak pwogram li pral itilize pou reyalize chak objektif ki nan lis la, ki ta dwe gen ladan delè reyalis ak piblik chak pwogram vize.

Aplikan yo pral oblije demontre pwogrè oswa siksè chak ane ankòmansan yon (1) ane apre yo fin apwouve yo pou lisans pwovizwa. Yo oblije divilge enfòmasyon sa yo sou premye aplikasyon pou renouvèlman lisans ak aplikasyon siplemantè yo.

### 4. Mezi

Aplikan yo ta dwe gen enkli paramèt yo gen entansyon itilize pou evalye pwogrè oswa siksè



objektif plan an ki espesyalman prepare pou evalye enpak sou divès popilasyon Komisyon an te idantifye.

Sa yo ta dwe gen ladan yo metòd pou swiv done yo, frekans yo prevwa pou evalye pwogrè plan an, ak manm ekip ki responsab plan an.

## **5. Rekonesans**

Chak plan PD ta dwe gen rekonesans sa yo:

- a. Aplikan an rekonèt, li konsyan, epi li pral respekte, kondisyon ki tabli nan paragraf 935 CMR 500.105(4) ak 935 CMR 501.105(4) ki presize pratik ki otorize ak entèdi nan zafè piblisite, mak, maketing, ak parenaj chak EM ak STM, respektivman; epi
- b. Okenn aksyon yo poze, oswa pwogram ki tabli, pa pral vyole règleman Komisyon an konsènan limit sou pwopriyete oswa kontwòl oswa lòt lwa aplikab eta a.





## VI. Pi bon pratik ki gen rapò ak objektif PD yo

- Lè l ap kreye yon deklarasyon objektif, aplikan an ta dwe kodifye kilti biznis la atravè yon deklarasyon òganizasyon oswa yon deklarasyon misyon ki anglobe divèsite ak yon kilti enklizyon. Deklarasyon objektif la ta dwe 100 mo oswa mwens.
- Aplikan an ta dwe kreye PD endividyèl pou satisfè bezwen biznis la. Aplikan yo pa ta dwe kopye epi kole objektif ki soti nan konsèy Komisyon an oswa nan yon lòt PD.
- Aplikan yo ak titilè lisans yo ta dwe fikse objektif ki ka mezire ak reyalize. Aplikan yo ak titilè lisans yo ta dwe enkli yon pwosesis pou resevwa fidbak, ak fason yo pral kominike objektif yo bay tout moun nan konpayi an.
- Aplikan yo ak titilè lisans yo ta dwe angaje yo pou yo aplike ak respekte règleman ekri yo nan kad operasyon chak jou yo.
- Aplikan ak titilè lisans yo ta dwe angaje yo pou yo fè pwogrè nan objektif PD yo chak ane.



## VII. Plan Anbochaj Divèsite Mendèv

Yon estrateji pou konstwi yon mendèv divèsifye nesèsè pou Komisyon an apwouve yon aplikasyon EM oswa STM pou lisans oswa renouvèlman. Yon plan rekritman ak travay byen planifye ka ede yon aplikan lisans reyalize objektif li pou anboche anplwaye ki soti nan divès popilasyon. Estrateji ak resous sa yo ka ede biznis yo reyisi:

- Revize kantite ak kalite pozisyon yo espere pou divès popilasyon lè etablisman an ouvri.
- Fikse objektif divèsite pou anplwa ki objektivman rezonab men tabli yon objektif pou chak popilasyon priyoritè. Pa chèche sèlman reyalize objektif ki fikse yo, men depase yo.
- Konsidere distans yon kandida pou yon pòs ka pakouri pou yon (espesyalman nouvo travayè debitan yo) ak sa biznis la ka ofri yon gwo kandida pou rann òf travay la, pòs la, ak opòtinite karyè a atiran ak likratif.
- Bay resous transpò (pa egzanp, bisiklèt, abònman MBTA), opòtinite ekite anplwaye ak/oswa orè travay fleksib pou divès anplwaye ki gen obligasyon famiyal.
- Mete aksan sou kilti biznis pou demontre li konprann valè divèsite ak enklizyon nan espas travay la pandan tout pwosesis rekritman, anbochaj, ak pwomosyon anplwaye yo.
- Fè piblisite pou opòtinite travay entèn yo, ak nan divès piblikasyon, ak medya sosyal ki vize divès popilasyon (dapre kondisyon ki tabli nan atik 935 CMR 500.105[4] ak 935 CMR 501.105[4]). Aplikan yo ka montre nivo detay sa a nan kad plan yo.
- Ankouraje anplwaye aktyèl yo pou yo refere yon zanmi ki idantifye kòm manm youn nan divès popilasyon yo pou travay.
- Òganize souvan fwa rekritman, reyinyon, oswa vizit ki konsantre sou popilasyon Komisyon an idantifye yo. Yo ta dwe presize ak kontakte tout patenarya ak kote yo anvan yo ajoute nan plan PD yo.
- Pou konprann ak evalye estatistik aktyèl divèsite kominote akèy la ak kominote ki ozalantou yo, sèvi ak zouti itil sa a:
  - [1 - US Census Bureau QuickFacts: Massachusetts.](#)
  - Ba rechèch ki anlè a ka ede idantifye done lokal yo.
- Pou konprann nivo anplwa ak chomaj nan zòn lokal la, Depatman Asistans Chomaj Massachusetts ofri estatistik sou chomaj ak anplwa, enfòmasyon sou divèsite, ak enfòmasyon sou salè pou vil ak vilaj yo:
  - [Enfòmasyon sou Mache Travay la | Mass.gov.](#)
  - Zouti sa a ka ede yon biznis detèmine kapasite li pou anboche rezidan Massachusetts nan kominote akèy a ak zòn ki ozalantou a.



## VIII. Divèsite Founisè ak Vandè

Komisyon an ap chèche opòtinite pou Biznis Defavorize (BD) ki posede ak opere pa moun ki gen koulè, patikilyèman moun Nwa, Afriken Ameriken, Latinx, ak Endijèn (MBE), Fanm (WBE), Veteran (VBE), moun ki andikape (DOBE). , ak rezidan LGBTQ+ (LGBTBE) pou patisipe ak benefisye de endistri reglemante a.

Yon eleman solid, mezirab nan yon PD ta dwe gen ladan objektif pou achte machandiz ak sèvis nan men divès titilè lisans Komisyon an. Ou ka jwenn yon lis titilè lisans ki otorize pou kòmanse operasyon yo lè w vizite [Licensing Tracker nan MassCannabisControl.com](#). Itilize fonksyon filtraj la pou fè rechèch pa estati priyorite. Anplis de sa, EM ak STM yo ka fè kontra avèk divès biznis ki bay sèvis ak pwodwi oksilyè.

Pami egzanp biznis oksilyè ki pa bezwen yon lisans Komisyon an gen elektrisyen, plonbye, konpayi netwayaj, kontraktè, konpayi lavant pwodui biwo, sèvis enprimri ak maketing, ak sèvis finansye ak kontablite, pami anpil lòt. Ou ka jwenn lòt ajans sètifikasyon ak òganizasyon k ap sèvi Massachusetts nan [MassCannabisControl.com](#) anba seksyon "Resous" nan [Modèl Divèsite ak Plan Enpak Pozitif](#) paj.



## IX. Divèsite nan Konstwi EM/STM ou an

Yon lòt estrateji divèsite pou konsidere se angaje divès biznis konstriksyon pou konstriksyon oswa renovasyon etablisman an. Anpil nan biznis sa yo sètifye tou nan Massachusetts Supplier Diversity Office.

Biznis yo kapab tou mande pou kontraktè yo anplwaye moun divès metye. Kontraktè jeneral eksperimante yo gen chans pou yo gen eksperyans pou satisfè objektif sa yo epi demontre siksè yo ak pewòl sètifye. Lè yon kontraktè jeneral sèvi ak pewòl ki sètifye, sa pral pèmèt yon titilè lisans demontre ke li te itilize yon ekip travay divèsifye pou pwojè li a, ke tout moun yo trete yon fason ekitab nan pwojè a, epi li pèmèt titilè lisans la rapòte chif sa yo nan moman renouvèlman an oswa chak fwa yon pwojè investisman fini.

Yon fèy FAQ sou Pewòl Sètifye disponib nan [MassCannabisControl.com](https://www.masscannabiscontrol.com) anba seksyon "Resous" nan [Modèl Divèsite ak Plan Enpak Pozitif paj](#).



## X. Estrateji, Pwogram, ak Objektif

Aplikasyon yo ak titilè lisans yo ta dwe otantik, reyalis, ak entansyonèl lè y ap konsevwa pwogram ki pral pèmèt yo atenn ak depase objektif divèsite yo. PD a ta dwe kreye pou satisfè bezwen titilè lisans lan.

Pwogram yo ta dwe adapte a kilti biznis la, pòte jeyografik, ak objektif li yo.

Aplikasyon, ekzekisyon, ak swivi konstan rezilta yo pral sipòte ak kreye mobilite k ap monte nan endistri a.

### **Aplikasyon yo ak titilè lisans yo pa ta dwe kopye epi kole objektif ki nan konsèy Komisyon an oswa lòt PD yo.**

Pami egzanp estrateji ak pwogram ki kapab reyalize objektif yon PD, gen enpak sou divès popilasyon, ak ankouraje enklizyon divès popilasyon nan endistri kanabis yo ka genyen, men yo pa sèlman, sa ki annapre yo:

- Bati pwogram fòmasyon ki pral ogmante kantite moun ki reponn a kritè demografik ki mansyone anwo yo nan pòs jesyon ak direksyon nan EM ak STM lan. Devlope pwogram fòmasyon ki pral ogmante pwomosyon entèn ak fòmasyon transvèsal pou tout pòs yo.
- Etabli relasyon ak òganizasyon espesifik ki konsantre sou divèsite nan objektif pou bay fòmasyon divèsite ak enklizyon ak rezo pou nouvo anplwaye yo pandan tout ane a.
- Kreye yon pwosesis pwomosyon ki anplwaye prensip ekite pou anplwaye aktyèl yo ki konfòm avèk lwa travay federal ak eta a.
- Kreye yon plan kominikasyon ki ranfòse kilti divèsite, enklizyon, ak respè pami anplwaye yo, ak konsyantizasyon PD òganizasyon an.
- Jwenn fòmasyon endistri espesifik ak opòtinite devlopman pwofesyonèl epi rann aksè a disponib pou tout anplwaye yo.
- Bay tout anplwaye yo fòmasyon sou antirasis ak prejije enkonsyan (presize sijè yo, fòmasyon yo, ak kalifikasyon espesifik yo).
- Mete anplas yon komite entè-fonksyonèl, ki konsantre sou divèsite ki enplike anplwaye yo ak jesyon pou rankontre regilyèman, konsantre sou efò efikas pou rekrute ak kenbe anplwaye yo, revize pwogram espas travay yo, sondaj anplwaye yo, epi evalye fidbak pou responsabilizasyon. Plan an kapab tou presize ki moun ki pral sèvi nan komite a.
- Idantifye ki jan òganizasyon yo pral kreye yon espas travay ki an sekirite, ki aksepte, ki gen respè, ki akeyi, ki konfòtab epi ki bay sipò pou travay.
- Mete anplas yon ekip pwopriyete ak dirijan ki divèsifye.
- Ofri bous detid edikasyon pou divès popilasyon ki enterese nan antreprenarya oswa



agrandi opòtinite karyè yo nan nouvo endistri sa a.

- Bay patenè fòmasyon travay ak òganizasyon kominotè yo vizite etablisman w lan ki pral ogmante divèsite kandida travay yo.
- Kreye pwogram pandan tout ane a pou aprantisaj, mentora, ak estaj peye pou divès popilasyon piblik ak objektif pou kreye yon chemen aksesib nan endistri a.
- Ofri seminè edikatif ak pwogram fòmasyon travay (an pèsòn oswa vityèlman) nan zòn ki lajman peple pa divès moun pou ede rezidan yo pran konsyans sou endistri kanabis, ak kalite pòs ki disponib ak fason pou jwenn yo.
- Bay detay kle tankou (i) patnè ki pral ede w ak pwogram ou an, (ii) sijè ou prevwa pou tout seminè yo, (iii) frekans ak dire seminè sa yo, (iv) kantite patisipan ou prevwa, (v) efò rekritman pou sible piblik ou a, ak (vi) diferan opòtinite konsèy pou patisipan k ap chèche yon travay.



## XI. Devlope yon Plan avèk Kreyativite/"Panse yon Fason ki Orijinal"

Anplis de eleman obligatwa nan plan an ak estrateji yo, pwogram ak objektif li yo ki souliye pi wo a, aplikan yo ak titilè lisans yo ta dwe konsidere eleman inovatè PD ki ka ede ankouraje yon anvivònman travay divèsifye ak ekitab.

Ide "orijinal" sa yo ta ka gen ladan varyasyon sou pi bon pratik ki endike anwo a, fòmasyon espesyalize, konsèy pou anplwaye esansyèl yo, aktivite ki ranfòse espri dekip, ak lòt estrateji ki pral ede sipòte epi kenbe mendèv òganizasyon an te travay di pou l rasanble a. Biznis yo ta dwe panse yon fason ki kreyatif sou lòt altènativ tankou opòtinite pou anplwaye a aksyonè kote manm ekip yo ka vin pwopriyetè epi kontwole oswa bati ekite finansyè nan konpayi an. Eleman inovatè sa yo nan PD a ka ede biznis la distenge tèt li, atire nouvo anplwaye, epi bay anplwaye aktyèl yo opòtinite pou siksè nan nouvo endistri sa a.

Pou sipòte ak kenbe yon mendèv divèsifye, aplikan yo ak titilè lisans yo ta dwe kreyatif nan elimine obstak pou avansman ki ka egziste kounye a pou sèten anplwaye, tankou aksè a transpò, orè travay fleksib, opòtinite travay adistans, ak kondisyon edikatif, pandan y ap jis pou tout anplwaye yo. Kèlkeswa kantite anplwaye biznis la, Komisyon an ankouraje aplikan yo ak titilè lisans yo pou yo konsidere anvizaje pou obstak anplwaye lokal yo oswa divès popilasyon yo rankontre anvan yo aksepte òf anplwa w la. Lè entèvyouve yon kandida solid pou yon pòs nan yon òganizasyon, entenvyouwè a ta dwe mande l bay ide l sou obstak potansyèl pou avansman li epi ofri solisyon ki kreyatif.



## XII. Don yo

Si aplikan an oswa titilè lisans lan gen entansyon bay yon òganizasyon lajan, sèvis oswa machandiz, dwe genyen yon koneksyon ki kapab idantifye ant don an ak objektif divèsite a. Pa egzanp, yon don yo bay yon òganizasyon kominotè ka sipòte yon patenarya pou prezante kandida travay ki soti nan divès popilasyon nan opòtinite karyè nan endistri a atravè fòmasyon, atelye, aprantisaj, konsèy, ak estaj.

Òganizasyon k ap resevwa a dwe bay yon lèt ki konfime akò li pou resevwa lajan, sèvis oswa machandiz, epi li dwe bay yon eksplikasyon tou kout sou efò ki pral fèt yo. Òganizasyon k ap resevwa a ta dwe idantifye tou popilasyon ki pral benefisye a.





### XIII. Mezi ak Done pou Evalye Pwogrè PD

Objektif seksyon sa a se bay aplikan yo ak titilè lisans yo konsèy pou yo ka idantifye fason yo mezire rezilta yo, ak fason yo rapòte done ak pwogrè yo. Aplikan yo ak titilè lisans yo responsab pou divilge paramèt yo itilize pou mezire pwogrè oswa siksè PD a. Yo ta dwe tou bay yon plan detaye pou kolekte done yo, ki gen ladan frekans pou evalye pwogrè plan yo, ak moun nan (yo) k ap kolekte epi evalye done yo.

Paramèt yo pral varye selon objektif ak pwogram plan an. Paramèt ki pi efikas yo pral depann de objektif PD a. Pami egzanp paramèt ki ta ka itilize yo genyen, men pa sèlman, sa ki annapre yo:

- Kantite moun ki soti nan gwoup idantifye yo ke yo te anboche epi kenbe apre emisyon yon lisans.
- Pwomosyon pou tout anlwaye yo ak kantite pwomosyon moun ki gen koulè yo, fanm, veteran yo, moun ki andikape yo, ak moun LGBTQ+ jwenn, epi asire li reprezante omwen yon pousantaj nan kantite total pwomosyon ki disponib yo ki konparab ak done demografik kominote akèy ak/oswa kominote ki ozalantou yo.
- Kantite pòs ki te kreye depi premye lisans la.
- Kantite lis ak/oswa afich nan divès piblikasyon oswa piblikasyon jeneral ak dokiman sipò.
- Kantite ak kalite sesyon enfòmasyon ki konsantre sou divèsite ki te fèt oswa patisipe ladan yo, ak dokiman sipò, ki gen ladan dire evènman yo, kantite patisipan yo, ak enfòmasyon demografik sou patisipan yo si yo disponib.
- Kantite ak sijè fòmasyon ki fèt yo ak kantite patisipan ki soti nan done demografik ki endike anwo yo.
- Rezilta sondaj anlwaye ki mezire satisfaksyon, moral, ak angajman.
- Pousantaj yo kenbe pou tout anlwaye ak moun ki soti nan gwoup yo idantifye yo.
- Peman total yo te fèt bay divès fim epi sa yo kòm yon pousantaj total peman yo te fè bay fim deyò.
- Koleksyon enfòmasyon pèsonel volontè sou chak nouvo anlwaye. Gade echantyon tablo nan paj sa a.



## Tablo Echantiyon

Done Demografik ak Komisyon- Divès Popilasyon ki Idantifye yo Popilasyon yo	Kantite Anplwaye	Nivo Egzekitif / Senyò	Manadjè Nivo Entèmedyè	Konsèy Administ rasyon	Anplwaye k ap Vann yo	Admin Sipò
Afwo-Ameriken oswa Nwa	30	5	5	4	4	12
Panyòl oswa Latinx	30	5	5	5	4	12
Endijèn yo	16	3	4	2	3	4
Moun LGBTQ+	29	5	5	4	10	5
Moun ki gen Andikap yo:	28	5	4	4	4	6
De oswa plis ras	24	5	5	3	6	5
Veteran	20	5	4	4	3	4
Blan	24	5	4	3	7	5
Fanm	28	5	5	8	4	6
<b>TOTAL</b>	<b>229</b>	<b>43</b>	<b>41</b>	<b>37</b>	<b>45</b>	<b>59</b>



#### XIV. Mizajou ak Pwogrè sou PD Pandan Renouvèlman Lisans

Tout antite ki te apwouve pa Komisyon an pou yon lisans pwovizwa oswa yon lisans definitif, oswa ki te kòmanse operasyon, dwe renouvle lisans yo chak ane. Pandan pwosesis renouvèlman an, tout titilè lisans yo dwe dokimante pwogrè oswa siksè yo fè nan direksyon PD yo kèlkeswa estati lisans yo. Pwogrè oswa siksè PD titilè lisans lan ka rapòte nan seksyon "Konfòmite ak Plan Divèsite" aplikasyon renouvèlman an. Rapò sou sitiyasyon an ka gen ladan yon lèt, yon imèl, yon atik, oswa nenpòt lòt dokiman sipò ki montre pwogrè nan objektif yo deklare (yo).



## XV. Renouvèlman

Nan moman renouvèlman lisans yo, antite ki gen yon lisans pwovizwa dwe dokimante pwogrè yo oswa siksè yo lè yo prezante objektif titilè lisans lan t ap travay sou yo pandan ane a. Si pa gen okenn pwogrè oswa siksè ki fèt nan objektif PD titilè lisans lan, yo ta dwe anvizaje egzamine plan yo, kalandriye yo ak/oswa estrateji yo, epi telechaje plan ki egzamine yo nan seksyon "Konfòmite ak Plan Divèsite" nan aplikasyon renouvèlman lisans lan. .

Si titilè lisans lan pa fè okenn pwogrè nan direksyon PD Komisyon an apwouve a, li ta dwe anvizaje fè bagay sa yo:

1. Egzamine epi mete ajou PD li te apwouve deja.
2. Mete ajou delè li pou adrese PD a yon fwa li te resevwa apwobasyon pou kòmanse operasyon yo. Yon titilè lisans ta dwe fè chanjman nan plan li a epi sonje mizajou sa yo pandan pwosesis renouvèlman an.
3. Kontakte òganizasyon yo idantifye nan PD li yo pou asire akò ki egziste deja yo rete efikas yon fwa etablisman li yo kòmanse fonksyone.
4. Si PD titilè lisans yo konsantre prensipalman sou anboche yon mendèv divèsifye, men done demografik kote li ye a fè li difisil pou rekrite yon mendèv konsa, li ta dwe anvizaje revize chif ak objektif li yo, fikse yon nouvo kalandriye, kreye nouvo estrateji, ak/oswa jwenn nouvo òganizasyon patnè yo pou reyalize objektif li yo.



## Kesyon?

Si w gen lòt kesyon konsènan Konsèy sa yo sou Plan Divèsite yo, tanpri kontakte Komisyon an nan [Commission@CCCMass.com](mailto:Commission@CCCMass.com) oswa (774) 415-0200.

